



Règleman Chanselye a (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: **D-210**

Sijè: **KÒD KONDUIT KONSÈY EDIKASYON POU KOMINOTE AK TOUT VIL LA, RÈGLEMAN KONT DISKRIMINASYON AK ARASMAN EPI PWOSEDI POU POTE PLENT**

Kategori: **KONSÈY EDIKASYON POU KOMINOTE AK TOUT VIL LA**

Pibliye: **18 desanm 2025**

REZIME CHANJMAN YO

Règleman sa a ranplase Règleman Chanselye D-210 ki gen dat 22 desanm 2021.

Yo revize règleman an pou klarifye dimansyon konpòtman ki sijè a règleman ak pwosedir pou pote plent.

Yo fè chanjman nan kontni règleman an nan fason sa yo:

I. Entwodiksyon

- Klarifye angajman DOE nan soutni divès lidèchip paran epi bay paran kapasite pou vin ajan pou chanjman sosyal.
- Gen ladan rezime responsablite manm konsèy yo.
- Efase sa ki fè referans avèk lòt lwa, règleman entèn oswa règleman, nòm, direktiv ak akò règleman Chanselye D-210 la pa ranfòse.

II. Definisyon

- Defini konsèy tout vil la ak Konsèy edikasyon pou kominote (Community District Education Council, CEC) nan Seksyon II.A. ak II.B. epi revize definisyon CCEC pou refere avèk konsèy tout vil la ansanm avèk tout CEC a nan Seksyon II.C.
- Revize definisyon "konduit" pou klarifye epi diminye dimansyon konpòtman ki sijè a règleman Chanselye D-210 ki nan seksyon II.D.
- Gen ladan definisyon sou "divilge" ki nan seksyon II.F.
- Gen ladan definisyon sou "Dosye edikasyon" ki nan seksyon II.G.
- Aktyalize deskripsyon Biwo pou ranfòsman kapasite Fanmi ak kominote (Office of Family and Community Empowerment, FACE) ki nan seksyon II.I.

AMANDMAN NAN RÈGLEMAN CHANSELYE D-210 — KÒD KONDUIT KONSÈY EDIKASYON POU KOMINOTE AK TOUT VIL LA, RÈGLEMAN KONT DISKRIMINASYON AK ARASMAN EPI PWOSEDI POU POTE PLENT

- Klarifye pwosesis sou kòman pou chwazi manm konsèy ekite ki nan seksyon II.J.
 - Revize definisyon "paran" ki nan seksyon II.K.
 - Revize definisyon "enfòmasyon ki ka idantifye pesonèlman" (Personally Identifiable Information, PII) ki mache avèk lwa sou dwa pou edikasyon ak vi prive fanmi (Family Educational Rights and Privacy Act, FERPA), 20 U.S.C. 1232g, ak aplikasyon règleman yo nan 34 C.F.R. Part 99, et seq. ("FERPA"), ki nan seksyon II.I. (PII).
 - Gen ladan definisyon sou "Diskou" ki nan seksyon II.O.
- III. Responsablite CCEC (nouvo seksyon, ranplase seksyon I, dimansyon)
- Ranplase seksyon sou "Dimansyon" avèk kèk deskripsyon sou responsablite CCEC yo dapre Lwa edikasyon seksyon 2590-b, 2590-c ak 2590-e.
- IV. Konduit yo entèdi (ki te Seksyon II avan)
- Elaji kategori ki pwoteje kont diskriminasyon oswa arasman nan Seksyon IV.A. pou ajoute wotè ak gwosè, ki mache avèk Lwa sou dwa moun Vil Nouyòk, epi klarifye diskriminasyon ak arasman ilegal ki baze sou lwa lokal, eta a ak federal ki aplikab.
 - Revize entèdiksyon kont konduit entimidasyon ak konduit ki menase moun nan seksyon IV.B.
 - Ranplase entèdiksyon kont kèk konpòtman danjere anvè elèv DOE nan seksyon IV.C avèk yon entèdiksyon kont konpòtman oswa pawòl ki deranje.
 - Revize entèdiksyon kont divilgasyon "PII" nan seksyon IV.D. ki konfòm avèk definisyon resan mo sa a dapre FERPA.
 - Klarifye entèdiksyon kont itilizasyon platfòm kominikasyon ki bay manm konsèy aksè, pou rezon pèsonel oswa pwofi nan seksyon IV.E.
 - Klarifye egzijans ki fè konnen PII, ladan enfòmasyon pou kontakte elèv, konsèy la jwenn, yo ka sèlman itilize yo pou rezon lejitim, ofisyèl konsèy la, men pa pou kominikasyon pèsonel, fè pètisyon oswa kanpay jan sa di nan seksyon IV.F
 - Klarifye entèdiksyon ki gen kont manm Konsèy pou yo pa itilize pozisyon yo pou pwòp avantaj pèsonel oswa finansye, manm fanmi, oswa nenpòt moun oswa konpayi yo genyen yon biznis oswa relasyon finansye ki nan seksyon IV.G.
 - Ajoute entèdiksyon kont revanj ki nan seksyon IV.H (ki te Seksyon V avan)
- V. Mezi pou korije yon pwoblèm ak pou bay yon pinisyon (ki te Seksyon III avan)
- Klarifye mezi pou korije yon pwoblèm oswa pou bay yon pinisyon, ki diskite nan seksyon V.A ak B, aplikab sèlman pou vyolasyon section IV règleman an.
 - Atik V.C. a presize yo ka entèdi manm Konsèy yo te revoke nan fonksyon yo paske yo te vyole Atik IV règleman yo pou okipe nenpòt pozisyon nan yon konsèy alavni, dapre Atik 2590-c ak 2590-l nan Lwa sou Edikasyon an.

AMANDMAN NAN RÈGLEMEN CHANSELYE D-210 — KÒD KONDUIT KONSÈY EDIKASYON POU KOMINOTE AK TOUT VIL LA, RÈGLEMEN KONT DISKRIMINASYON AK ARASMAN EPI PWOSEDI POU POTE PLENT

VI. Pwosesis pou pote plent (ki te Seksyon IV avan)

- Klarifye pwosesis pou voye plent ale ki nan seksyon VI.A.1, 2 ak 3.
- Klarifye nan Seksyon VI.A.6, plent ki pretann vyolasyon ki gen rapò avèk koripsyon, aktivite kriminel, oswa konfli enterè, yo dwe voye yo bay biwo/antite ki apwopriye a dapre Règleman Chanselye D-130 ak C-110.
- Klarifye nan seksyon VI.B.1 ke Ofisye Konfòmite Ekite (Equity Compliance Officer, ECO) dwe rapòte avi sou plent yo bay Konsèy Ekite FACE la.
- Revize delè pou ECO envestige plent yo epi fè chanselye a oswa reprezantan l rekòmandasyon ki nan seksyon VI.C. ak D.
- Klarifye Chanselye a oswa moun ki reprezante l la ap bay yon desizyon alekri sou si te gen yon vyolasyon règleman sa a nan espas 10 jou ouvrap apre yo fin resevwa rekòmandasyon ECO a jan yo di sa nan VI.D., sof si gen sikonstans ki jistifye yon pwolonjman nan peryòd tan an.
- Revize pwosesis pou konsilyasyon, ki nan Seksyon VI.E., pou fè li konsistan avèk Lwa edikasyon seksyon 2590-l.

VII. Apèl (nouvo seksyon)

- Ajoute enfòmasyon sou kòman manm konsèy yo ka fè apèl kont yon lòd ki sispann oswa yo retire.

IX. Egzanpsyon (nouvo seksyon)

- Ajoute yon seksyon ki di klèman Chanselye a oswa reprezantan l ka anile tout oswa nenpòt pati nan règleman an si li wè l ap pi bon pou distri lekòl Vil Nouyòk la.

X. Enfòmasyon (ki te seksyon VII avan)

- Revize enfòmasyon moun pou kontakte pou poze kesyon.

REZIME

Règleman sa a tabli règleman kont diskriminasyon ak arasman Depatman edikasyon Vil Nouyòk ki gouvène pawòl ak konduit manm yo eli ak manm yo nonmen nan Konsèy edikasyon pou kominote ak pou vil la, epi li tabli yon pwosedi pou pote plent ak rezoud konfli ak vyolasyon règleman sa a. Li ranplase règleman Chanselye D-210, kòd konduit konsèy edikasyon pou kominote ak vil la ak pwosedi pou pote plent: Règleman kont diskriminasyon ak arasman, ki gen dat 22 desanm 2021.

I. ENTWODIKSYON

Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (New York City Department of Education, DOE) la rekonèt lidèchip ak angajman paran se poto mitan lekòl DOE yo. Se règleman DOE pou devlope ak kenbe yon anviwonman pozitif ak favorab pou dirijan paran yo eli yo ak sa yo nonmen yo san diskriminasyon,

AMANDMAN NAN RÈGLEMAN CHANSELYE D-210 — KÒD KONDUIT KONSÈY EDIKASYON POU KOMINOTE AK TOUT VIL LA, RÈGLEMAN KONT DISKRIMINASYON AK ARASMAN EPI PWOSEDI POU POTE PLENT

arasman, prejije, rasis ak entimidasyon. DOE angaje l pou trete tout paran avèk respè ak diyite epi pou ofri opòtinite pou patisipasyon ak angajman paran yo nan yon fason ekitab ak jis. DOE angaje l pou akeyi divès idantite rasyal, lengwistik, ak kiltirèl nan lidèchip paran, epi ranfòse kapasite paran kòm ajan chanjman sosyal.

Ann akò avek Lwa edikasyon, pami lòt bagay, manm konsèy yo responsab pou ankouraje aplikasyon nòm ofisyèl edikasyon ak atenn objektif ki gen pou wè avèk enstriksyon elèv, jan yo detaye l pi ba a nan Seksyon III, " Responsablite CCEC".

Kòm paran yo eli oswa yo nonmen, Manm Konsèy la gen responsablite pou obsève yon nòm etik elve, entegrite ak dekowòm. Yo atann pou manm Konsèy yo aji kòm modèl egzanp nan konsèy ak nan kominote yo kote yo sèvi a, ak pou pran responsablite yo nan yon fason ki respekte dwa tout paran ak elèv yo sèvi yo.

II. DEFINISYON

Definisyon sa yo aplike pou objektif règleman sa a.

- A. Konsèy tout vil la refere a kat konsèy edikasyon ki nan Lwa edikasyon seksyon 2590-b: Konsèy vil la pou lekòl segondè (Citywide Council on High Schools, CCHS), Konsèy edikasyon vil la pou edikasyon espesyal (Citywide Council on Special Education, CCSE), Konsèy edikasyon vil la pou elèv k ap aprann lang Anglè (Citywide Council on English Language Learners, CCELL), Konsèy edikasyon vil la pou distri 75 (Citywide Council for District 75, CCD75).
- B. Konsèy edikasyon pou kominote (CEC) se 32 manm konsèy k ap gouvène edikasyon pou kominote chak distri lekòl kominotè, ki nan Lwa edikasyon seksyon 2590-c.
- C. CCEC se konsèy tout vil la ansanm avèk tout CEC yo.
- D. Konduit fè referans a konpòtman ak aksyon fizik lè l fèt pandan oswa nan reyinyon oswa aktivite CCEC yo; aktivite CCEC òganize; aktivite eleksyon ak/oswa kanpay CCEC; ak/oswa aparisyon piblik ak aktivite yon manm konsèy la ale kòm yon manm ofisyèl.
 - 1. Sepandan, yo entèdi kondwit ki dekri nan seksyon IV(B)(i), (iii) ak (v) nan nenpòt anviwònman kote kondwit sa a gen anpil chans pou afekte kapasite manm konsèy la pou li ranpli devwa l avèk efikasite.
- E. Manm konsèy se yon manm CCEC eli oswa nome.
- F. Divilgasyon vle di pèmèt aksè oswa bay, transfere, oswa lòt fòm kominikasyon an ki gen rapò avèk enfòmasyon pèsonèl idantifyab ki nan dosye edikasyon yo, pa nenpòt mwayen, tankou pa mwayen vèbal, ekri oswa elektwonik pou nenpòt pati eksepte pati ki idantifye kòm pati k ap bay oswa ki te kreye dosye a, dapre Lwa sou dwa pou edikasyon ak vi prive fanmi (Family Educational Rights and Privacy Act, 20 U.S.C. 1232g, ak aplikasyon règleman yo nan 34 C.F.R. Part 99, et seq. (FERPA)).
- G. Dosye edikasyon vle di menm bagay avèk sa di nan FERPA, yon dosye ki gen rapò dirèk avèk yon

AMANDMAN NAN RÈGLEMAN CHANSELYE D-210 — KÒD KONDUIT KONSÈY EDIKASYON POU KOMINOTE AK TOUT VIL LA, RÈGLEMAN KONT DISKRIMINASYON AK ARASMAN EPI PWOSEDI POU POTE PLENT

elèv ke yon biwo oswa enstitisyon edikatif oswa yon antite k ap reprezante biwo a oswa enstitisyon an konsève.

- H. Ajan pou respè ekite (Equity Compliance Officer, ECO) se yon anplwaye DOE ki responsab pou resevwa, reponn, trete, ak envestige plent ki denonse vyolasyon règleman sa a.
- I. FACE se Biwo ranfòsman kapasite fanmi ak kominote (Office of Family and Community Empowerment) Depatman edikasyon Vil Nouyòk, yon ekip ki responsab pou sipòte estrikti pouvwa paran nan distri lekòl Vil Nouyòk.
- J. Konsèy Ekite FACE ("Equity Council") se yon ekip lidè paran nan Konsèy yo ak nan Komite Konsiltatif paran Chanselye FACE nonmen ki dwe bay rekòmandasyon pou FACE sou anbochaj ak kenbe ECO epi yo ka bay rekòmandasyon nan rezolisyon plent yo voye bay ECO a.
- K. Yon paran se paran, responsab legal, oswa yon moun ki gen yon lyen fanmi avèk yon timoun. Sa gen ladan l: paran biyolojik oswa paran adoptif, bopè-bèlmè, responsab legal, paran nan fwaye akèy, ak "moun ki reprezante paran" yon timoun ki ale nan yon lekòl. "Moun ki reprezante paran an" vle di yon moun ki pran swen yon timoun paske paran oswa responsab timoun sa a pa disponib, menmsi se akòz, pami lòt bagay, lanmò, anprizònman, maladi mantal, li pa rete nan Eta a, oswa abandone timoun lan.
- L. Enfòmasyon ki ka idantifye pesonèlman jan sa di nan FERPA, epi, dapre FERPA, gen ladan, men ki pa sa yo sèlman, enfòmasyon sa yo ki nan dosye edikasyon yon elèv: non elèv la oswa non paran an oswa lòt manm fanmi; adrès yon elèv oswa fanmi elèv la; eleman idantifikasyon tankou nimewo sosyal sekirite elèv la, nimewo elèv la, oswa dosye biyometrik; eleman idantifikasyon endirèk tankou laj elèv la, dat nesans, kote elèv la fèt, non jèn fi manman elèv la; lòt enfòmasyon ki, poukont li oswa konbine, gen lyen oswa lye avèk yon elèv espesifik ki ta dwe pèmèt yon moun rezonab nan kominote lekòl la, ki pa gen konesans pèsònèl sou sikonstans pètinan yo, pou idantifye elèv la avèk yon sètitud rezonab; oswa enfòmasyon yon moun mande ke manm konsèy kwè gen bon rezon li konnen idantite elèv la kote dosye edikasyon gen rapò avèk li.(PII).
- M. OSI se Biwo investigasyon espesyal depatman edikasyon.
- N. SCI se Komisè espesyal investigasyon pou distri lekòl Vil Nouyòk, yon ajans endepandan ki envestige move konduit nan distri lekòl Vil Nouyòk.
- O. Pawòl fè referans a lè yon manm konsèy itilize yon lang aloral oswa alekri, lè sa fèt pandan oswa: reyinyon oswa aktivite CCEC yo, oswa kominikasyon ki fèt atravè CCEC, tankou mesaj oswa pòs elektwonik ki fèt sou kont medya Sosyal CCEC; aktivite CCEC òganize; aktivite eleksyon ak/oswa kanpay CCEC; ak/oswa aparisyon piblik ak aktivite yon manm konsèy la ale kòm yon manm ofisyèl.
 - 1. Sepandan, yo entèdi pawòl ki dekri nan seksyon IV(B)(i), (iii) ak (v) nan nenpòt anviwònman kote pawòl sa a gen anpil chans pou afekte kapasite manm konsèy la pou li ranpli devwa l avèk efikasite.

III. Responsablite manm CCEC yo

- A. Dapre lwa sou edikasyon seksyon 2590-c ak 2590-e, manm CEC yo pa gen pouvwa oswa fonksyon

AMANDMAN NAN RÈGLEMAN CHANSELYE D-210 — KÒD KONDUIT KONSÈY EDIKASYON POU KOMINOTE AK TOUT VIL LA, RÈGLEMAN KONT DISKRIMINASYON AK ARASMAN EPI PWOSEDI POU POTE PLENT

egzekitif oswa administratif, men gen pami lòt, pouvwa ak responsablite sa yo:

1. Ankouraje aplikasyon nòm ofisyèl edikasyon ak atenn objektif ki gen pou wè avèk enstriksyon elèv.
 2. Patisipe nan pwogram trening ak fòmasyon kontini jan sa dekri nan Lwa edikasyon seksyon 2590-e(7).
 3. Apwouve limit fontyè lekòl sipèentandan an voye ale.
 4. Fè reyinyon omwen chak mwa avèk sipèentandan an pou chita pale sou sitiasyon aktyèl lekòl yo nan distri a ak pwogrè ki fèt pou satisfè enplemantasyon plan edikasyon global distri chanselye a egzijè.
 5. Kontwole pwogram edikasyon distri a epi evalye efè yo genyen sou reyisit elèv.
 6. Òganize omwen chak mwa yon reyinyon avèk sipèentandan reyinyon an piblik kote piblik la ka patisipe sa ki bay paran ak kominote a posiblite pou fè tandè vwa ak enkyetid yo genyen.
 7. Voye ale yon evalyasyon anyèl sou lòt estaf sipèvizyon akademik ki responsab plis pase yon lekòl nan distri a.
 8. Òganize yon odyans piblik sou plan kapasite anyèl distri a.
 9. Bay chanselye ak komite vil la opinyon yo, lè sa nesèsè, sou sa ki konsène distri a.
 10. Kenbe kontak epi ede ekip lidèchip lekòl yo, epi deziyen yon reprezantan pou fè pati ekip Lidèchip nan distri a.
 11. Chita pale sou chwa yon sipèentandan pou kominote a.
 12. Òganize yon odyans piblik ankòlaborasyon konsènan yon chanjman enpòtan nan itilizasyon lekòl la pwopoze jan sa di nan Lwa edikasyon seksyon 2590-e(21).
- B. Dapre Lwa edikasyon seksyon 2590-b, konsèy tout vil la gen, pami lòt, pouvwa ak responsablite sa yo:
1. Bay konsèy ak fè kòmantè sou règleman edikasyon oswa enstriksyon sa yo:
 - a. Pou CCHS, ofri sèvis pou elèv lekòl segondè.
 - b. Pou CCSE, ofri sèvis pou elèv ki gen andikap;
 - c. Pou CCELL, ofri sèvis pou elèv ki nan pwogram bileng oswa pwogram anglè kòm dezyèm lang; ak
 - d. Pou CCD75, ofri sèvis pou distri 75;
 2. Fè yon rapò anyèl sou efikasite sèvis depatman edikasyon bay epi fè rekòmandasyon kòmsadwa, sou fason pou amelyore efikasite ak jan yo bay sèvis sa yo nan respè pou elèv y ap sèvi yo; epi
 3. Fè omwen yon reyinyon pa mwa pou tout piblik la kote piblik la ka chita pale sou pwoblèm elèv nan chak konsèy vil la y ap sèvi genyen.
- C. Manm Konsèy yo responsab pou familiarize tèt yo avèk règleman sa a epi patisipe nan tout

AMANDMAN NAN RÈGLEMAN CHANSELYE D-210 — KÒD KONDUIT KONSÈY EDIKASYON POU KOMINOTE AK TOUT VIL LA, RÈGLEMAN KONT DISKRIMINASYON AK ARASMAN EPI PWOSEDI POU POTE PLENT

opòtinite trening ak fòmasyon kontini FACE ap òganize dapre Lwa edikasyon Seksyon 2590-e(7). Trening sa dwe gen ladan konsèy ki konfòm avèk règleman sa a epi manm konsèy k ap antre an fonksyon pou premye fwa dwe ranpli pa pita twa mwa apati dat yo te kòmanse a.

1. Yo egzije manm konsèy yo tou pou yo patisipe nan pwogram fòmasyon kontini chak ane dapre Lwa sou edikasyon seksyon 2590-e(7), sa ki dwe gen ladan konsèy anplis ki konfòm avèk règleman sa a.
2. Si manm konsèy yo pa respekte egzijans pou patisipe nan trening ak fòmasyon kontini ki di pi wo a, sa ka lakòz yo retire l nan pòs la dapre Lwa edikasyon seksyon 2590-l.

IV. Konpòtman ki entèdi

- A. Manm konsèy pa dwe angaje l nan okenn kondwit oswa pawòl ki soumèt okenn moun oswa yon antite nan diskriminasyon ilegal oswa arasman lwa lokal, eta a ak federal entèdi ki baze sou ras, reyèl oswa chwazi, koulè, relijyon, kwayans, etnisite, orijin nasyonal, alyenaj, kondisyon sitwayènte, laj, kondisyon matrimonyal, kondisyon afilyasyon, andikap, oryantasyon seksyèl, sèks, gwosè, estati militè.
- B. Manm konsèy pa dwe angaje l nan okenn kondwit oswa pawòl: (i) ki fèt avèk entansyon, arasman repete sou yon lòt moun ki mete moun sa a nan laperèz pou l ta viktim yon agresyon fizik; (ii) kondwit oswa pawòl yon moun ta atann k ap pwovoke yon reaksyon ki vyolan (tankou men ki pa sa yo sèlman itilize vye jouman ki baze sou ras, sèks, oryantasyon seksyèl, relijyon, peyi orijin ak andikap ke yon moun pat atann ki t ap pwovoke yon reyaksyon konsa); (iii) kondwit oswa pawòl yo konnen lòt moun t ap pran pou menas vyolans; (iv) kondwit oswa pawòl ki endesan ; oswa (v) kondwit oswa pawòl lalwa entèdi.
- C. Manm konsèy pa dwe angaje l nan kondwit ki deranjan oswa diskou ki p ap fasilite CCEC fè biznis (ladan kondwit oswa pawòl, men ki pa sa yo sèlman, tankou fè gwo rèl, joure oswa goumen, kote kondwit oswa pawòl sa yo anpeche CCEC fè biznis).
- D. Manm konsèy pa dwe gen aksè nan oswa divilge PII pou okenn rezon sofsi yo gen otorizasyon, pou rezon ofisyèl konsèy la, ki konfòm avèk règleman chanselye A-820 ak FERPA.
- E. Manm Konsèy yo pa dwe sèvi avèk okenn lis imèl, lis, sitwèb, kont medya sosyal oswa lòt platfòm kominikasyon kote yo gen aksè nan pozisyon yo kòm yon manm konsèy pou fè fo deklarasyon sou lòt moun, pou pwòp benefis pèsònèl yo oswa benefis prive, oswa pou fè andosman yon kandida endividyèl oswa yon ansanm kandida.
- F. Manm konsèy pa dwe divilge okenn PII, ladan okenn enfòmasyon pou kontakte paran oswa elèv konsèy la genyen, pou kominikasyon pesonèl, lobbying, kanpay oswa aktivite politik. Enfòmasyon sa yo ka itilize sèlman pou rezon otorize, ofisyèl konsèy la, ki konfòm avèk règleman chanselye A-820 ak FERPA.
- G. Manm konsèy pa dwe itilize pozisyon yo pou pwòp avantaj pèsònèl oswa finansye yo, manm fanmi yo, jan sa di nan règleman Chanselye C-110, oswa nenpòt moun oswa konpayi yo genyen yon biznis oswa relasyon finansye.
- H. Manm konsèy pa dwe fè vanjans kont nenpòt moun ki pa dakò avèk praktik diskriminasyon oswa

AMANDMAN NAN RÈGLEMAN CHANSELYE D-210 — KÒD KONDUIT KONSÈY EDIKASYON POU KOMINOTE AK TOUT VIL LA, RÈGLEMAN KONT DISKRIMINASYON AK ARASMAN EPI PWOSEDI POU POTE PLENT

ki pote plent kont diskriminasyon oswa arasman dapre règleman sa a, oswa moun ki depoze plent oswa patisipe nan investigasyon an sou yon vyolasyon règleman sa a.

V. MEZI POU KORIJÈ YON PWOBLÈM OSWA POU BAY YON PINISYON

- A. Mezi pou korije yon pwoblèm oswa pou bay yon pinisyon apwopriye lè yon manm konsèy vyole seksyon IV règleman sa a.
- B. Yo dwe pran tout aksyon korektif oswa disiplin ki konsistan avèk Lwa edikasyon Seksyon 2590-I epi li ka gen ladan, men se pa sa sèlman, piblikasyon yon lòd pou sispann move kondwit oswa pran aksyon obligatwa, oswa sispansyon oswa retire yon manm.
- C. Yo ka entèdi manm konsèy yo te retire nan pòs poutèt yo vyole seksyon IV règleman an pou yo vin sèvi nan nenpòt konsèy dapre Lwa edikasyon seksyon 2590-c ak 2590-I.

VI. PWOSESIS POU POTE PLENT

A. Pote yon plent

- 1. Moun ka pote plent pou vyolasyon section IV règleman sa a bay ECO pa imèl, telefòn oswa nan nimewo yo bay nan fen règleman sa a.
- 2. Plent yo dwe endike non moun ki pote plent lan (yo) epi genyen yon nimewo telefòn oswa adrès imèl kote yo ka kontakte yo. Yo p ap aksepte plent anonim. Plent yo dwe gen enfòmasyon sa ladan, nan limit ki disponib: (i) idantifye manm konsèy yo akize ki vyole règleman sa a; (ii) fè yon deskripsyon aktivite ki gen rapò avèk swadizan vyolasyon sa a, mete dat (yo) ak adrès (yo) si sa aplikab; epi (iii) pwovizyon seksyon IV règleman sa a yo swadizan vyole a.
- 3. Yo pral voye yon plent ki akize vyolasyon règleman sa a nan pa plis pase 60 jou nan kalandriye apre swadizan ensidan an.
- 4. Pandan pwosesis plent lan, yo pral bay sèvis asistans pou lang jan sa nesesè konfòmman avèk Règleman Chanselye A-663.
- 5. Anplis, moun ka pote plent pou vyolasyon règleman sa a dirèkteman nan SCI nan <https://nycsci.org/online-complaint-form/> oswa 212-510-1400.
- 6. Yo dwe voye ba SCI yon plent yo pote nan ECO pou swadizan vyolasyon ki enplike koripsyon, aktivite kriminel, oswa konfli enterè, ladan men ki pa sa yo sèlman, kèk swadizan vyolasyon seksyon IV.F,G oswa H; oswa konfli enterè pou komite a dapre règleman Chanselye D-130 oswa C-110 jan sa aplikab, epi lè yo akize aktivite kriminel ba Depatman Lapolis Vil Nouyòk.

B. Repons inisyal

- 1. ECO a dwe rekonèt li resevwa yon plent alekri bay moun ki pote plent lan nan 5 jou ouvrap apre li resevwa yon plent. ECO a dwe bay Konsèy ekite FACE la yon kopi plent lan.
- 2. Yo dwe kenbe plent yo nan dosye FACE. Plent ak investigasyon an dwe rete konfidansyèl eksepte jan sa endike nan Seksyon VI.C.3.

AMANDMAN NAN RÈGLEMAN CHANSELYE D-210 — KÒD KONDUIT KONSÈY EDIKASYON POU KOMINOTE AK TOUT VIL LA, RÈGLEMAN KONT DISKRIMINASYON AK ARASMAN EPI PWOSEDI POU POTE PLENT

3. Si ECO, nan kominikasyon avèk Konsèy Ekite a, kwè konduit sa a se yon konduit kriminel nan nati l, poze yon danje imedya pou sekirite oswa byennèt elèv oswa nenpòt anplwaye DOE, oswa ki kontrè ak pi bon enterè distri lekòl Vil Nouyòk la. ECO a ka mande pou Chanselye a sispann oswa retire Manm Konsèy yo pote plent pou li a annatandan yo fin fè envestigasyon an.

C. Pwosedi pou envestige plent

1. ECO a dwe revize plent lan pou detèmine si swadizan gen vyolasyon règleman sa a.
2. Si ECO a detèmine plent lan montre vyolasyon règleman sa a, ECO a dwe mennen yon envestigasyon nan fè entèvyou avèk pati yo ak temwen yo epi revize prèv ki enpòtan yo. Yon sijè nan yon plent gen dwa pou reponn akizasyon yo.
3. Se règleman DOE pou respekte vi prive tout pati ak temwen konsènan plent yo pote dapre règleman sa a. Sepandan, yo dwe konsidere nesesite pou konfidansyalite dapre obligasyon yo genyen pou kondui ak kolabore avèk envestigasyon yo mande a, pou bay moun yo akize a dwa li genyen (due process), ak/oswa pou pran dispozisyon nesesè pou konsilye oswa pou rezoud plent lan. Kidonk, yo ka bezwen pou devwale enfòmasyon osijè plent lan nan kèk sikonstans jan sa apwopriye.
4. Apre envestigasyon an, ECO a dwe voye yon rapò alekri sou rezilta envestigasyon an ak yon rekòmandasyon pou si wi oswa non te gen vyolasyon règleman sa a, ak rekòmandasyon pou korije oswa disipline aksyon an nan Konsèy Ekite a. Konsèy Ekite a dwe revize rezilta ak rekòmandasyon yo, epi nan 10 jou kalandriye a, bay ECO rekòmandasyon li fè yo.
5. Nan ka yon dezakò ant ECO a ak Konsèy Ekite a, se rekòmandasyon ECO a k ap konte.

D. Desizyon

1. Nan 90 jou kalandriye apati ECO a resevwa plent lan, ECO a pral bay Chanselye a rekòmandasyon sou si wi oswa non te gen yon vyolasyon règleman sa a, ak aksyon apwopriye pou korije oswa disipline, sof si sikonstans yo mande yon pwolonjman peryòd tan an.
2. Nan 10 jou ouvrab apre yo fin resevwa rekòmandasyon ECO a, Chanselye a oswa reprezantan li pral piblye yon detèminasyon alekri sou si wi oswa non te gen yon vyolasyon règleman sa a, ak aksyon apwopriye pou korije oswa disipline, sof si sikonstans yo mande yon pwolonjman peryòd tan an. Yo pral fè moun ki pote plent lan(yo) ak moun yo akize a(yo) konnen alekri enfòmasyon sou desizyon yo pran an.

AMANDMAN NAN RÈGLEMAN CHANSELYE D-210 — KÒD KONDUIT KONSÈY EDIKASYON POU KOMINOTE AK TOUT VIL LA, RÈGLEMAN KONT DISKRIMINASYON AK ARASMAN EPI PWOSEDI POU POTE PLENT

E. Opòtinite pou konsilyasyon

1. Avan aplikasyon nenpòt aksyon korektif oswa disiplinè, Manm Konsèy ki sijè avèk aksyon sa a pral gen yon opòtinite pou fè konsilyasyon avèk Chanselye a oswa reprezantan Chanselye a.
2. Chanselye a ka sispann oswa retire yon manm Konsèy san yo pa gen opòtinite pou konsilyasyon si konduit la:
 - a. kriminel nan nati l,
 - b. poze yon danje imedya pou sekirite oswa byennèt elèv oswa nenpòt anplwaye DOE, oswa
 - c. dapre jijman Chanselye a, li pa mache nan pi bon enterè distri lekòl Vil Nouyòk la.

VII. APÈL

Yon manm konsèy yo sispann oswa retire nan pòs li dapre yon lòd ki pibliye nan règleman sa a ak Lwa edikasyon seksyon 2590-I ka, nan espas kenz jou apre lòd sa soti, ale ann apèl avèk Komite pou règleman edikasyon (Panel for educational Policy, the "Panel") la ki konfòm avèk règ ki nan pati 113 sou Règleman Komisè Edikasyon an. Yo dwe ranpli apèl yo avèk sekretè panèl la pa imèl nan panel@schools.nyc.gov, epi klèman idantifye mesaj la kòm yon apèl ki adrese dirèkteman avèk sekretè a. Pou plis enfòmasyon konsènan pwosedi pou ale ann apèl, ladan sa yo egzije ki gen rapò avèk kontni apèl la, sèvis dokiman yo, mande pou rete tanporèman, epi voye repons ale, tanpri gade pati 113 ki nan Règleman komisè edikasyon an.

VIII. Revizyon anyèl

ECO ak Konsèy Ekite dwe revize règleman sa a ak fè mizajou chak ane si sa nesesè dapre lalwa.

IX. DISPANS/EGZANPSYON (WAIVER)

Chanselye a oswa reprezantan l ka fè egzansyon règleman sa a oswa nenpòt pati ladan l si li jije l ap pi bon pou distri lekòl Vil Nouyòk la.

X. DEMAND POU RANSÈYMAN

Si w gen kesyon konsènan règleman sa a, voye yo bay:

**D-210 – KÒD KONDUIT KONSÈY EDIKASYON POU KOMINOTE A AK VIL LA AK PWOSEDI POU POTE
PLENT: RÈGLEMEN KONT DISKRIMINASYON AK ARASMAN**

Biwo pou Ranfòsman Kapasite Fanmi ak Kominote
N.Y.C. Department of Education
52 Chambers Street - Room 405
New York, NY 10007
Telefòn: 212-374-4118
Imèl: FACE@schools.nyc.gov

Equity Compliance Officer (Ofisye Respè Ekite)
N.Y.C. Department of Education
52 Chambers Street - Room 405
New York, NY 10007
Telefòn: 212-374-5101
Imèl: D210intake@schools.nyc.gov